

RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premi: 1 — 30 temboeng f 1.—
Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 sajaris:
(apes: f 1.25).

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijn kalijan administratif.

Hoofredacteur:
A. DJAJASEPOETRA.
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

REGINIPOEN LENGGANAN
SWARA TAMA

1 taon	f 6,—	} njoewoen kabajar roemijn.
1/2 "	f 3,—	
3 woelan	f 1,50	

Drèsiptoen Redactie lan Administratie
IGNATIUS - COLLEGE
DJOKJAKARTA.
Telefoon no. 795.
Drukkerij „Canisius” Djokja.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saban dinten Djoemewah.

ISINIPOEN.
Tjepoe & Bodjonagoro — Wawan bab panggaotan lan padamelan — Pagemèn — Ing doesoèn — Bab djampi — Dongèng saking Betawi — Ontjen sekar gambir melati — Oerapari — Correspondentie.

ONDERWIJS.

Tjepoe & Bodjonegoro.
(Saking pambantoe.)
Dados penggalihanipoen para Autoriteiten ingkang wadjab njoeroes.
Tjepoe poenika sinaosa panggènan alit — district Panolan —, nanging prakawis redja oetawi ramènipoen boten badé kandap kalijan kita afdeeling sanès-sanèsipoen, djer ing ngrikoewonten pabrikiipoen lisah B. P. M. ingkang ageng pijambak toemrap satanah Djawi, lan wonten bingkilipoen N. I. S. (oegi kagolong ageng). Centraal houtvesterij oegi boten kantoen, malah ing samangké grija-grija kongsèn djempol-djempol. Pèndèk N. I. S., B. P. M. lan houtv. poenika kados wedijveren ing kasaénan (boten concurreeren, lol) Mila boten maiben, manawi Tjepoe poenika kagolong panggènan ingkang kampiyoen. Prakawis sekolah-sekolahan oegi boten badé wonton ngandap pijambak, ing ngatasipoen namoeng kadistrikan. H. I. S., H. C. S., E. L. S. lan particuliere scholen taksih wonten 4 nan; ewasamenten meksa taksih ngorong sekolahan; pendak lebetan énggal, mesti katah ingkang taksih katoelak, djer kirang ingkang panggénan. Poenapa para autoriteiten boten menggalih dateng prakawis poenika? (autoriteiten ingkang kita kadjengaken, autoriteiten golongan kita pijambak.) Manawi nitik dateng wontening tetijang ingkang dateng ing Grédja (kerk*), kados tjatjahing poeroesa boten sakedik, kita pijambak dèrèng patosa terang bab poenika, poenapa oepami manawi ing Tjepoe dipoenedegi sekolahan, kedah saking Semarang, poenapa kedah saking Soerabaia, awit manawi nitik péranganipoen negari, Tjepoe poenika toemoet djadiahlan Semarang, noeroet atoeran prakawis agami, toemoet djadiahlan Soerabaia. Dados ingkang poendi ingkang kedah menggalih, poenika kita namoeng njoemanggakaken! Soekoer manawi sampoen wonten angen-angen badé dipoenedegi pamoelangan, kita toemoet bingah bangga hati! Nanging béndjing poenapa ngadegipoen, poenika kita ladjeng mberet malih ing mbatos! Saking pangadajeng-adjeng, mbok énggal kawontenana! Djer kita mireng pijambak saking golongan tijang wonten ing kidoelan ril N. I. S., kirang mareming wontenipoen sekolahan ing silih kidoelan, ingkang sedia badé ndèrèk laré, nanging tembé wingkingipoen temtoe malah badé mbededegaken laré. Ingkang makaten poenika kadospoendi?
Kagaliha!! Para pengandjoer P. P. K. D. inggih kersaa menggalih, djer poenika sadaja oegi toemoedjoe dateng pemimpin-pemimpin golongan kita!
—o—
Makaten oegi toemrap ing kita Bodjonegoro. Pakempalan Zending sampoen gadah pamoelangan standaardschool, Grédja lan roemah sakkit; nanging pakempalan kita taksih nihil, dèrèng nggadahi poenapapoenapa. Tangèh lamoen jèn nampika, manawi ing ngrika dipoenedegi pamoelangan golongan kita sageda moendoer, madjeng sampoen temtoe, awit *een degelijke Part. school* ing ngrika dèrèng wonten, inggih sampoen wonten sekolah-sekolahan particulier, nanging sadaja poenika taksih pintjang ingkang sanget, toer ketatalanipoen (vruchten) dèrèng wonten ingkang katingal. Manawi dipoenwonteni ingkang degelijk boten badé kok ladjeng badé saged boebroek, djer djaman sapoenika sok

tijanga boten wonten ingkang njawang dateng Agami, aanging njawang dateng kaadanganipoen *materieel*. (kapinteran.) Manawi para wadjab njoeroes menggalih bab poenika kanti temen-temen lan kaestokaken mesti badé saged soeboer anggénipoen badé ngagengken lan mijaraken Missie, kanti kagaliha bilih tindakipoen kedah kados Standaardschool (karang Balong Smg.) lan Mardi Siswa (Smg.); djer ing Bj. ing samangké, prasasat dèrèng wonten ingkang njoengkemi agami kita.

WAWASAN BAB PANGGAOTAN LAN PADAGANGAN.

Ing karangan koela ing Sw. Tm. no. 41 sampoen tjeta poenapa ingkang dados kadjeng koela lan kadospoendi badé tradjang koela anggén koela badé ngratjik karangan ingkang anggepok poenika, wosipoen ingkang nggepok arta lan teda, (sandang lan grija).
mbokmenawi wonten prijantoe ndangoe: lah fonds nasional ing Soerabaja poenika kados - poendi, poenapa boten sedijan kanggé dagang?
Kanggé poenapa? koela boten ngertos namoeng enget bilih manoe pepriksan Landraad ing Bandoeng badé prakawisipoen ir. Soekarna, téta arta poenika loegoe kanggé pantjen sedijan pitoeloengan dateng para djempolan poelitik ingkang ketiwasan, ateges kaekoem oetawi sanès-sanèsipoen (émoet koela bab poenika kawedar ing pepriksan ingkang ka 18).
Lan koela enget oegi bilih Ba-deawsky poenapa sinten, tilas wakil Roeslan ing Parijs, ingkang tjrah kalijan Moscou, ngandar ing Le Temps, serat kabar ing Parijs (kala Mei), bilih Moscou anggénipoen ngemong Indonesia sanget, oetawi poetra-poetra Moscou ingkang sami makarja ing Indonesia sami kaalem prigel, toer manoe 3e. Internationale pamaréntah Moscou pijambak tjrijs jèn actie Moscou ing Indonesia ingkang tjag - tjeg wao mèh boten kasoemerepan ing poelisi.
Lah, ing saglégapan koela kèngetan jèn kanggé fonds national wonten dana saking X semanten ewoe, lan X wao doemoegi sepriki boten kasoemerepan (boten kasoemerepan). Lah, poenapa poenika? poenapa poenika tيسان saking M-C-O, Moscou? kok radi méntjik.
Mila arta poenika pantjen mbebabani.
Poenapa arta (padagangan) kalijan poelitik poenika mila kerep lintaoe mekaten?
Inggih, awit sadaja perang poenika adatipoen inggih namoeng pados wewahing isi padaran. Nanging soepados boten kedangan anggénipoen ménggok, mangga sapoenika ngideri djagad, bab poenapa ingkang dados oreging panggaotan.
Bab panggaotan ingkang dados rembag saestoe bab njowak kirang ing pandamelan. Tijang ingkang boten oeman pendamelan saja dangoe saja katah, ngantos joetan (boten kirang saking 12 joeta), poenika ingkang saweg officieel, ingkang pating betjèter sakedik-sakedik dèrèng kaétang.
Ladjeng keketelaning rembag-rembag ingkang oemoem, réhné prakawis poenika terang waradin sadonja (ingkang kesangeten ing Amerika, Inggris, Djerman, Itali), lan jèn karembag ing pradjanipoen kados boten badé saged mrantasi, mila prakawis poenika badé kaebroekaken kémawon dateng Genève, dateng pakempalaning para bangsa. Sawènèh econom mastani (Treub), bilih tanda-tanda poenika mahanani badé wontenipoen djaman énggal, djaman mesin, djaman soedaning pakarjan ing saben dinten. Dados kiranging pendamelan ing mangsa poenika, manoe Treub, dédé tanda badé datenging karibedan ingkang badé waradin sadonja, namoeng tanda, bilih donja neda pranatan énggal toemrap pangedoeming pen-

damelan, neda soedaning djaman ing saben dinten ingkang kanggé njamboet damel lsp.
Koela maos pemanggih makaten waoe goemoedjeng, goemoen lan gawok. „Lo, kok semono pinteré nginger temboeng”, mekaten panglotjita koela. Namong koela inggih kèngetan, boten sandé béndjing tijang njamboet damel poenika sadinten tjekap namoeng 5 djaman, mekaten pemanggihipoen salah sa-toenggiling ahli économie. Pemanggih poenika nalika samanten koela gegoedjeng. Sareng sapoenika Treub tjarijos makaten, lan tanda jekti wonten, koela mbatos: „mbokmenawo njata mengkono.”
Saminipoen jèn wonten pradja retoe, poenika adat neda gantos pepréntahan, ing sapoenika pradja-panggaotan njata retoe ageng-agengan, mila saged oegi njata manawi babagan économie kedah katata tjara énggal.
Sebab poenapa teka sapoenika boten énggal-énggal katata mekaten, oepami teroes sadaja pabrik njoeada - djaman pendamelan lan inggih kanti njoeada bajaran?
O, poenika prakawis énggal noen, boten saged sadeg - sanjet kaleksanan. Lan enget, pabrik rak ngarah oentoeng, econom, pradja ngarah wiloedjenging sadajanipoen. Dados ada „sama-sama” poenika kados angèl badé saged medal saking kaem arta, nanging temtoe saking pradja.
Ladjeng, ingkang mlijoenan tanpa „kerdja” waoe kapoenapakaken. Ing Itali sasaged-saged katjatoe negari, sokoer jèn saged kasoekanan pendamelan negari, botenipoen saged: katoeloeng sarana kas pitoeloengan, botenipoen saged kasoemanggakaken ing Allah. Ing Inggris ingkang katah katoeloeng sarana kas pitoeloengan. Ing Amerika kasoemanggakaken ing Allah: „kowé rak pada oerip ing boemining Allah”, mekaten lokipoen tijang ngrika. Ing Djerman kita boten terang. Namoeng ingkang katingal nggengseng saestoe papréntahan Itali, Inggris, Djerman, prasasat nroetoek - nroetoek, takèn: kepriyé iki akalé. Hoover, Amerika oegi sampoen nimbali para gegémbonging katongbesar, ngrembag bab poenika.
Namoeng inggih poenika, tjara Amerika anak - anakipoen sami kapoerih ngetog daja pijambak-pijambak, wiwit roemijn mila makaten. Mila kados Hoover anggénipoen toemoet tjawé-tjawé poenika kados satengah kaepaksa oetawi rikoehe, déné U.S.A., redja - redjaning pradja sadonja, ngantos gadah anak apes 5 joeta tanpa makarja, samisami angka-anggoeran ageng pijambak jèn katanding kalijan pradja-pradja sanès ingkang langkoeng mlarat.
Anèhipoen Prantjjs, tanah mlarat, namoeng bab anggoeran mèh boten wonten, rekaosing negari kasanggi waradin ing saben kawoela.
Boten kados ing Amerika, ingkang satoenggagel noempok mas pitjis langkoeng saking 1.000.000.000 séwoe joeta roepijah, sanèsipoen tanpa pandamelan, boten ngertos: sing tak pangan sésoek apa.
Ingriki koela kèmoetan piwoelang oelah pradja ing kitabipoen rama Llovera, „adja nganti sing sidji kegedèn koewasane, lijane pirang-pirang joeta sasat tanpa koewasa.” Tjontonipoen Amerika. Tijang 1 gadah koran 25, 30, 50. Gadah ingriki boten maos, nanging ngedalaken. Ingkang satoenggagel radja-melk, satoenggagelipoen radja-daging lsp. Saébahing radja - radja waoe angénging para lengganan lan para makarja, lan terkadang . . . medjahi, toer ageng-agengan.
ANDAJA.

ECONOMIE.

PAGEMÈN.

Sw. Tm. no. 41 sadèrèk kita wanita C. Soedijati ing Wedi, ngan-

daraken kados-poendi tjaranipoen kita nggoela-wentah laré sagedipoen adjar gemi lan njèlengi. Koela oegi toemoet ngeoes dada mitoeroet verslag saking postspaarbank, bilih rajakanipoen tijang 1 tjèlènganipoen namoeng 16 sèn. Ing saladjengipoen sad. waoe ngandikakaken bab voorschot.
Gandèng bab voorschot ing ngrikoewo, koela njoosaken tjoeplik an saking Hindia Zelfbestuur karanganipoen toewan N. Spykman blad. 104 bab VIII.
De afhankelijkheid van den Inlander wordt bovendien nog versterkt door het feit, dat hij zelfs over zijne eenigste bezit, zijn arbeidskracht en zijn grond niet meer vrijelijk beschikt, omdat hij daarop reeds een voorschot heeft ontvangen en deze dus reeds voor een langen termijn heeft afgestaan. Door het VERDERFELIJK VOORSCHOTSYSTEEM is hij blijvend in de schuld en daarmee blijvend in de macht van den geldscheiter of tusschenhandelaar.
Tjara djawinipoen labragan kirang langkoewo:
Mitoeroet kanjataan bangsa pribomi anggénipoen goemantoeng ing sanès bangsa saja kengjeng, kabekta radja darbèkiipoen ingkang woedjoed baewo soekoe pasitèn sampoen dipoen-gantos (digadé) ing bangsa sanès, sarana neda arta empingan. Wontenipoen atoeran empingan poenika kaem Karija tansah gadah samboetan, tjekakipoen tansah doemawah ing pangoewasipoen bangsa asing.
Voorschot poenika awon poenapa saé?
Manawi atoeraning voorschot kados déné para prijantoe njoewoen dateng negari, sarta saged nandjakaken arta, koela matoer saé. Boektinipoen. Koela poen Krama dados goeroe doesoer, toer bapa-bijoeng kapétang mlarat, paribasana „adji godong garing”, kabenoem énggalan. Manawi ngatoeraken kawontenan koela sadaja namanipoen teralaoe. Bingah-bingahipoen nama angsal pangkat goeroe nadijan doesoer, inggih kaepaksa noetoeti pangkatipoen goeroe waoe. Lo ingkang kadospoendi? Poenapa inggih doepèh goeroe doesoer moelang tanpa: „oedeng, rasoeakan trimah tjemeng kastoep; gantos minggoe inggih tjemeng malih. Bakda kagirah ladjeng kalempt aloes, soepados mepet dipointindih tilem, kadèkèk ngandap bantal. Wosipoen anggénipoen njoewoen voorschot waoe kanggé noetoeti pradja ingkang salimrah, poenika namaniipoen saé sanget. Badé neda dateng tijang sepoeh boten wentala tijang merkipoen sampoen tjeta
Boekti malih. Kantja koela dolan nalika taksih sami tjirak mlindjo poenika moekti, Candidaat wedalan H. K. S. Poerwardja, toer prijantoeipoen ngganteng, tijang sepoehipoen soedagar sindjang kapétang seogih. Nalika kabenoem dados goeroe wonten ing H. I. S. teka inggih njoewoen voorschot, mangka teda boten kirang, sandang panganggé wetah lan saésaé. Wondéné arta voorschot waoe, ladjeng kanoenoetaken tijang sepoehipoen kanggé gegaramèn, margi béndjing jèn krama arta voorschot waoe, dados malah tambah alias saged manak. Tjarisipoen „idep-idep oetang karo negara ora nganaki.”
Wonten malih. Loerah koela S.O. nalika kapindah teroes njoewoen voorschot pikantoe f 350 x 3 = f 1050. Arta samanten waoe boten ladjeng kapoendoetaken montor oetawi kanggé teda koetjeng oetawi moendoet titihan glinding, nanging katebakaken dateng grija lan pémanan. Mangga poenapa boten ménginaken. Soemerep koela poenika inggih saking ngendikanipoen S. O. pijambak. Ngoendoeri pènsipoen, poetra-poetra sampoen toemandja, ndalemi grija boten soesah njéwa.
Awonipoen voorschot poendi?
Wah, rekaos sanget badé ngatoeraken wangsoelan bab poenika. Sadjatatosipoen njepeng arta poenika

manawi lepat boten trimah njemploengaken boewèn kémawon, malah saged ndjengkangaken ing intiping naraka saestoe. Menggah ingkang sampoen koela pireng oetawi koela sipati makaten. Tijang manawi sampoen mireng krintjing arta ringgit ladjeng kènging winastan gorerh manahipoen. Poen kapitalisten anggénipoen ngming-iming arta saja ndadra, memoelod manah, sadjatatosipoen pantjing iga-iga.
Kados-poendi? Manawi mangsa padoesoenan wonten sata idjem oetawi tanem gemadoeng, mangsa badé rijadi bada sawalan, anggénipoen ngirik-iriki kantja petané, arta kènging dipoenwastani kaonjok-onjokaken. Soemerep petoetoecking arta, mireng panangising laré neda mertjion of anoe en anoe, sabin ingkang pamedalipoen pantjenipoen saged f 150, kadoetjoelaken f 80,—. Mangka wèk-dalipoen nampi arta f 80,— waoe kalijan panènipoen namoeng let bangsa 2 woelanan. Arta waoe pladjengipoen inggih ladjeng dateng kaborasan, toemas mertjion boten trimah sasèn kalih sèn, awit kirang mareng mireng oengeling mertjion rawit ingkang namoeng tjis-tjis kedah doeng. Inggih boten maiben manawi saja rempek-rempek, tijang pamedaling sabin namoeng sami kabesmi. Botena toemas mertjion, toemas sembet reginipoen inggih saweg mlangkring. Sampoen kelimrah bilih sadèrèk tani, manawi bakda panèn remen ropjan-ropjan nggantoeng gong. Déné kantja koeli-koeli anggénipoen badé nimbangi tanggatalih ningali tijang nggantoeng gong oetawi toemoet oebjoeng-oebjoeng ningali tetinggalan ngemping loerahipoen.
Mila leres toewan Spykman, manawi pakempalan Boemipoetra (sadjempolanipoen pisan) badé damel rahadjenging rajat, kedah merangi prakawis ngemping, saojot-ojotipoen kedah kadongkèl. Sarana oendang-oendang boten badé mikolèhi. Sadjatosipoen sampoen wonten oendang-oendang ingkang ngawisi tijang mendet sareman langkah ing mesti, (Woekerwet), nanging bangsa pribomi boten sami ngijataken oendang-oendang waoe, margi adrih manawi kapèpèt, mindak boten pikantoe samboetan. Mila bangsa lintah darat inggih éta kémawon toemindakipoen.
Alleen wanneer de arbeider en de tani zelf weigeren voorschot te nemen, geen voorschot meer willen hebben, omdat zij zich bewust worden daarmede hun vrijheid te verkoopen, kan aan het woekerbedrijf een einde worden gemaakt. Manawi kantja koeli sarta kantja tani sami babar pisan boten poeroen mendet voorschot (ngemping) oetawi malah poeroen mbalak arta empingan ingkang kaonjok-onjokaken waoe, margi mangertos bilih kamardikanipoen sampoen kadjiret (kasadé), namoeng makaten tok atoeran mendet sareman, ingkang langkah ing ngekat, badé sirna.
Kadjèn 12 October 1930.
Taktim koela: Kramakadajah.
ING DOESOEN.
Sadangoe koela dados laré ndoesoen, soemerep menggah kawontenanipoen paman-paman koela tani waoe, ratjak-ratjak sami ngrekaos panggesanganipoen, ingkang djalaranipoen roepi-roepi.
Pramila koela boten maiben manawi paman-paman tani waoe, karibedanipoen saged adamel kaentoenganipoen bangsa mindring. Sok tijang, manawi sampoen karegem ing mindring, manawi boten gadah rékadaja, kados-poendi sagedipoen oewal saking babari mindring, sampoen tamtoe andjalari boten saged tentrem gesangipoen.
Poenapa malih manawi angéngeti gesangipoen paman tani, gesang namoeng saking woeloe - wedaling sabin toewin pategilan ingkang saking namoeng saged ngepas kanggé gesangipoen sakbrajat ing sa-

* Saban minggoe poengkasana woelan, wonten Mis Soetji.

dinten-dintenipoen, poenika manawi sampoen sesabatan kalijan bangsa mindring, tetéla manawi kawontenanipoen ladjeng morat-marit boten kanten-kantenan.

Ing ngriki koela ngatoeraken sakedik menggah kawontenanipoen ing doesoen.

Manawi paman tani waoe sampoen dawah ing "Pindjeng" adat ingkang sampoen kelampahan, ingkang badé kanggé ambangsoelaken samboetan waoe, boten sanès inggih namoeng manawi ngoendoeh woelowedaling sabin oetawi tegil. (Oepami kaoem blandjan, temtoenipoen inggih andjagékaken blandjanipoen). Malah boten kirang, paman-paman tani asring sami najadé woelowedaling sabin oetawi tegil ingkang dérèng wantjinipoen ngoendoeh.

Para maos, temtoenipoen boten sami kekilapan, menggah saratipoen anggoela-wentah sabin waoe, boten ngemoengaken „pefel ing ndamel" ananging oegi wonten saratipoen sanès, oepami: lemboe oetawi maésa, widji lan sanès-sanèsipoen. Manawi paman tani waoe boten gadah maésa, lemboe oetawi widji (winih) poenika sadaja ladjeng kapaksa njamboet, pramila ing mangké manawi panénan, sok wonten ingkang namoeng tampi sepalih oetawi sapretiganipoen. Tirahan samanten poenika perloe kanggé njekapi kabetahanipoen sabatih, toewin kapuloenan sanès-sanèsipoen, kadosta: ambajar paos, toembas tambal soelam panganggé, kanggé wiloe-djengan, soembang-soembangan lan sanès-sanèsipoen.

Pramila sampoen terang sanget, tjeta wéla-wéla, kawontenanipoen paman tani waoe, manawi namoeng ngemoengaken saking woelowedaling sabin toewin pategijan, oeger sampoen sesabatan kalijan bangsa mindring, kawontenanipoen inggih boten saged njenengaken; pramila boten kirang-kirang paman tani waoe sok pados sambèn berahan glidigan, terkadang glidig sak anak sémahipoen.

Tionghoa mindring poenika, pandamelanipoen, namoeng taloesoepan wonten ing doesoen-doesoen, anenawèni ing tjiang-tjiang soepados sami poeroen njamboet (oetang), poenapa malih manawi soemerep ing tjiang ingkang sadjak wonten (tjekap) andremimil anggènipoen ngiming-imingi artanipoen. Ingkang katah-katah, kita Djawi poenika (poenapa malih toemranging paman koela tani) adat ingkang sampoen kelampahan, manawi saweg pinodjo sepen (boten gadah arta) sampoen malih kok dipoentawèni, terkadang malah taloesoepan pijambak anggènipoen pados² samboetan.

Inggih poenika waoe, mirid kabetahanipoen sadèrèk koela ing doesoen, pantjèn prajogi sanget manawi ing poendi panggènan ingkang sampoen katah djawanipoen, dipoentawènanaken bank-doesoen, soepados, sinaosa paman tani waoe gadaha samboetan, sampoen ngantos kawratan anggènipoen ambang-soelaken, amargi, manawi njamboet dateng Tionghoa mindring, saremanipoen ratjak sèn-sènan (seroepijah, saremanipoen 2 sèn sadinten).

Ing sarèhning kabetahanipoen tjiang poenika tansah wonten-wonten kémawon, pramila kados-poendi anggènipoen njegeh soepados kita sampoen ngantos kdatengan bangsa mindring, koela namoeng njoemanggakaken.*

Koela laré ndoesoen Singgih.

KASARASAN.

BAB DJEDJAMPI.

Jèn tjiang Djawi sakit poenika anggènipoen djedjampi kedah kados-poendi? Mangsoeli pitakèn kados makaten poenika boten gampil, djalaran tjiang djedjampi makaten kedah ngertos roemijin dateng namaning sesakitipoen.

Sawenèhing sesakit, ngadat tjiang limrah kémawon ngertos dateng namanipoen, kadosta: pileg, watoek, ingkang asring mantoen pijambak, moeles margi mentas neda lotis, ngeloe, djalaran mentas kekésahan lan sapanoenggilanipoen.

Sanadjana pileg, manawi ngantos sawoelan boten mantoen, malah sanget, moeles teka kaworan loentak-loentak, la poenika tjiang limrah ngadat ladjeng djoedeg anggènipoen mastani. Wondéné doekoen-doekoen? Doekoen ingkang katah-katah manawi dipoentakèni, temtoe saged mangsoeli: „O. Dèn pandjeningen poenika gerah ngaten-ngaten, mangké manawi koela ingkang ndjampèni rak mantoen." Sampoen éggal

(*) Nootipoen penjerat. (Sg). mBokmanawi kémawon, manawi kita sampoen boten mboeroe-aleman (ngatos-atos ngadalaken arta), saged anjoedakaken tjatjahing mindring. Tjontonipoen: Tionghoa mindring oetaw ingkang sami sesadéng Galoendeng, Loempja enz. toeroet margi, poenika manawi sampoen watawis setaosen, kalih taoen ladjeng saged gadah toko.

pitados, awit ingkang katah-katah doekoen poenika namoeng anggasroeh kémawon. Bèda kalijan manawi pandjeningen sampoen dateng dokteran sarta mangertos namaning sesakit pandjeningen, la poenika doekoen asring kènging kagega, awit doekoen poenika katimbang tjiang limrah, langkoeng mangertos dateng namaning sesakit lan ronroan ingkang kanggé djampinipoen. Manawi pandjeningen ngertos saéstoe bilih pandjeningen ketjetti, pandjeningen dawoeh midjeti doekoen pidjet, poenika katah oetawipoen mantoen. Dr. van der Burg pijambak roemijin sampoeh ngalami, wonten tjiang ketjetti, toewin Dokter roemaos boten saged ndjampèni, woesaana kapoerih madosaken doekoen pidjet. Poenika ngoeroet-oeroet, dangoe-dangoe manggih poendi ototipoen ingkang ketjetti, ladjeng dipoentawèni saéstoe, boten antawis dangoe, mantoen babar pisan, ndadosaken goemoenipoen toewin Dokter. Nanging inggih poenika, kedah ngertos roemijin poenika sakit poenapa. Djalaran boten kirang-kirang sesakit ingkang boten kènging dipoentawèni, ladjeng dipoentawènikaken, andadosaken babar dji.

Dados manawi kita tjiang Djawi ngraos sakit, mangka dérèng ngertos sakitipoen kalajan terang, ladjeng dipoentawèni mawi djampi ing satjandak-tjandakipoen, poenika nama kirang nalar, djalaran pantjènipoen nganggé djampi poenika manawi sampoen ngertos namaning sesakitipoen.

Boten sadaja bentèr tis poenika temtoe sami. Bentèr poenika namoeng tanda manawi sakit. Tjiang sakit malaria: bentèr. Sakit tipes: bentèr. Mentas dipoentawèntik: bentèr. Sakit ing padaran oepami ing ngrikoe wonten korèngipoen, inggih bentèr. Sarèhné sesakitipoen warni-warni makaten, djampinipoen inggih warni². Jèn namoeng tjiang limrah oetawi doekoen kémawon, boten saged ambèdak-bèdakaken poenapa malaria poenapa tipes. Tjiang sakit tipes dipoentawèni kados tjanripoen ndjampèni tjiang sakit malaria, boten mantoen, malah pedjah.

Ngeloe! wadoek reged ngwontenaken ngeloe: rah minggah ing sirah ngwontenaken ngeloe; sedaloe boten saged tilem, éndjingipoen ngeloe. Poenapa djampinipoen sami? Genah boten. Jèn ngeloe margi wadoek reged, bok nganggéa deplonjo pinten-pinten blèg, boten badé mantoen, samangsa wadoek dérèng resik.

Watoek! watoek poenika wonten ingkang namoeng gandèng kalijan pileg, wonten oegi ingkang kabekta saking sakit tèreng (T.B.C.). Mila para prijantoen sepeh manawi pirsapoetranipoen tansah watoekén kémawon sarta iga kittingal gegembangan, poenika énggala nedahaken ingkang poetra waoe dateng salah satoenggiling dokter, soepados sampoen ngantos kasèp, awit jèn kasèp sampoen boten kènging dipoentawèni. Makaten oegi sakit mendokol, poenika saged oegi saking T.B.C. mila oegi kapriksakna dokter.

Sarèhné watoek, bentèr, ngeloe lsp. poenika dadakanipoen warniwarni, dados tjiang limrah oetawi doekoen boten ngertos poenika sakit poenapa, mila manawi badé poeroen mantoen saéstoe, kedah katedahaken dateng dokter, awit dokter poenika djaragan sampoen sinaoe wewatekanging sesakit sadjampinipoen pisan. Nanging kawoeningana, dalasan dokter inggih asring boten saged tjeplos mastani sesakitipoen, ndadak mawi tjobi-tjobi roemijin. Tjoba dakngènèkè, nak ngéné, bokmanawa lara ngéné.

Sanadjan dokter poenika tjobi-tjobi, nanging mawi waton, dados langkoeng kènging pinitados katimbang doekoen.

Dados manawi badé soemerep sesakitipoen, tjiang poenika datenga dokteran. Tjiang doesoen inggih prajogi sanget kamangertosaken ing bab poenika. Jèn boten saged mabar, inggih dateng ingkang boten mawi bajaran.

La bèk adoh dokter! Tebih ngantos boten saged mirsakaken? Manawi makaten, boten ngertos sesakitipoen, ladjeng inggih boten saged ndjampèni kalajan leres.

Sapoenika wonten anggèlipoen. Dokter poenika manawi sampoen mriksa, ladjeng njoekani resèp. Toemrapping limrah tjiang Djawi, jèn resèpipoen waoe mawi toembas, ladjeng saged damel bokrok, awit resèp sapisan asring dérèng njekapi. Dokteripoen ngadat boten poeroen mblakakaken namaning sesakitipoen. Mangka ngertos dateng namaning sesakitipoen poenika perloe sanget, samanten poenika manawi badé dipoentawèni djampi Djawi, awit tjiang Djawi poenika ratjakipoen boten mampoe toer djampi Djawi poenika mirah. Djampi Djawi ingkang setidjab inggih boten kirang.

Ngadat jèn ingkang sakit poenika anak oetawi moerid pamoelangan, bakakipoen laré waoe oetawi goe-

roenipoen moerid waoe oepami takèn dateng dokter, poenapa namaning sesakitipoen, poenika asring poeroen njarijosaken. La jèn makaten loemajan, manawi wonten djampinipoen Djawi.

Sesakit poenika sanadjana sampoen kasoemerepan namanipoen, anggènipoen andjampèni bèda-bèda: 1. wonten ingkang djampinipoen namoeng kedah kabedèl, kadosta: oesoès boentoe korèngèn, (blinde-darmontsteking), dados jèn nedyamantoen, inggih kedah kabedèlaken, 2. wonten ingkang doemoginiipoen samangké namoeng mantoen déning djampi kadokteran, kadosta: patèk.

3. wonten ingkang oegi kènging kadjampènan mawi djampi Djawi oetawi djampi kodrat kadosta: tèreng poenika djampinipoen dèdè (H_2O) lan neda sarta ngombé

poehan katah. Kados dèné pileg oetawi ngeloe, poenika dokter asring wehah, toenggilipoen sakit éntjok (rheumatik oetawi jicht). Dèrèng lami poenika wonten dokter ingkang tilar donja margi sakit éntjok. Éwasamanten pileg poenika dipoentawèni tjara Djawi, saged mantoen.

Manawi para maos kasdoe ngerakaken namaning sesakit sadjampinipoen pisan, nanging djampi Djawi, béndjing jèn wonten wekdalipoen, badé koela kabarakén ing Swara-Tama ngriki. Nanging mangertos koela waoe namoeng kilak saking bangsa Éropah oetawi tjiang ingkang winasis, ingkang sampoen nganggèp saé oetawi setidjab dateng djampi² Djawi waoe, JÈN KOBER.

V A R I A

DONGÈNG SAKING BETAWI III.

saking sedèrèk S. lid R. K. D. B.

Dinten poenika koela sampoen sagah ngatoeraken bab defensiè lan

VAN LITH-STICHTING.
P O E N A P A
Pandjenengan sampoen ngisèni „serat kasagahan" dados CONTRIBUTANT V. L. S.
Penningmeester V. L. S. p/a 2e. Convict MOENTILAN N. I. S.

roemambatipoen agami Katoelik dateng kantja priboemi.

Para maos temtoe boten kekilapan bilih Betawi poenika poesering papréntahan Indija-Welandi. Dados defensiè temtoe kedah dipoentawènikoengi tinimbang kita-kita sanèsipoen. Awit poesering papréntahan Indija ngriki oepami tjiang djantoenipoen, poenika pedjah, inggih ketiwasan. Saminipoen kala Paris dipoen tjelaki bala Djerman, gègèripoen boten kantenan, ngantos taxi dipoentawèni kanggé mbektani bala dateng papan tjampoehing gegaman. Makaten oegi kala djaman gègèran ing Perantjis, mèh kémawon papréntahan Nederland badé kasoeroeng dateng Indija ngriki (Assenderp, Staatsrecht van Ned. en Ned. Ind. tjap-tjapan III; katja 18).

Mila ing wantji éndjing setengah 7 nalika poen S. noempak tram, langkoeng margi saé, dasar radi pedoet, soerja dérèng bentèr, angler sakétja, kagèt djeboel soemerep ing aloen-aloen-singa mrijem pating kra-tjoeng, pinten-pinten, bala daratan pepak, bus wadiah bala sedija: batos koela, anèh temen, koeta apik ngéné kebak abahan kaja ngono; sanalika katentemaning wantji éndjing itjal, . . . kadesoek ing woeloehing mrijem. . . kesoeppen bilih Betawi poenika kita kradjaning papréntahan ing Indija-Welandi; (Indonesia dérèng gadah kita kradjan papréntahan).

Bab roemambatipoen agami Katoelik ing kantja boemi saweg kènging kaadjeng-adjeng wetawis 5 taoen malih, jèn sekolahan Melania lan Standaardschool gadahanipoen Stradavereniging sampoen wiwit ngedalaken laré. Awit kanggé Betawi boten kirang gawat tinimbang Soerakartaadiningrat! Kanggé pasekèn: „Inlander" pertalanipoen ing basa boemi tjara Betawi: orang Selam. Lan laré-laré pamoelangan andap, laré kampoeng, medal sekolah katah ingkang teroes ngadji (wiwit ngadji djam 1 sijang).

Namoeng saéstoe, jèn koesir oetawi sopir soemerep „orang Djawa" masoek kerk poenika roemaos boten pinanggih ing kitab logica. Koela tjiang èstri, mawi tapih, adjeg konangan Djawi koela, lan saben minggaoe inggih adjeg mlebet Grédja. Oepami koela dados tjiang djaler, radi majar, mawi tjana radi samoel!

Mila tepangan koela prijantoen kakaeng koela adyani pados teloek-an ing golongan ingkang saweg sami sinaoe, jèn saged, lowoeng. Angèl, poenika njata, namoeng oepami saged nggempil saking R. H. S. setoenggaling kémawon radi loemajan. Namoeng inggih kedah otot kawat baloeng wesi alambé manis! Koela lare èstri ingkang njembahjangkaken.

Bab basa, kedjawi basa boemi Betawi poenika basa Mlajoe-miring (a dados è), basa mantja sanèsipoen, langkoeng-langkoeng Batak lan Inggris, kerep sanget kapireng margi ngèmoeti kita plaboehan.

Ngènti goenanipoen basa Inggris wonten ing kita pelaboehan lan ngiras kanggé nenarik moerid, boten kirang pamoelangan H. I. S. ing Betawi ingkang mawi basa Inggris, ingkang 2 gadahanipoen Neutrale Schoolvereniging, ingkang satoenggaling gadahanipoen Adventdinggenootschap. Lan ing Betawi mergi bédaning kebangsaan kala-kala saged kasilep, mila boten kirang sekolahan H. I. S. katjampoer H. C. S. lan inggih saged toemindak.

Mekaten oegi pakempalan P. N. S. wonten Betawi oegi gadah H. I. S. kados mekaten, malah kasoboetaken: voor alle nationaliteiten, temtoe kémawon ada mekaten poenika oegi ngiras kanggé ngebaki klas!

Anggèn koela sampoen rambah kaping tiga anjeboet nama R. K. D. B. wonten ngandaping titel karangan poenika inggih wonten perloenipoen, soepados kasoemerepan bilih ing Betawi sampoen wonten piroekoenan Katoelik. Lan sanadjan dérèng gandèng kalijan salah satoenggiling centrum ing Djawi Tengah, nanging sampoen gadah sedya lan inggih sampoen ngrèkadaja, tata-tata badé noenggil. Bab poenika saestoenoenipoen prakawis gawat. Awit oepami gotrah Katoelik ing Tanah Djawi, langkoeng-langkoeng ingkang noenggil basa, Djawi-sami-Djawi, ingkang tebih saking centrum Djawi Tengah ladjeng boten poeroen ngempal gandèng kalijan Djawi tengah, poenika tembé wingkingipoen badé rewèl, awit terang badé njenjoeda kekijatan lan ngerendet actie.

Anggènipoen kantja R. K. Betawi ladjeng poeroen tjantjoet kalijan Djawi tengah poenika inggih ngènti poenika waoe, lan nalika semanten mireng, jèn salah satoenggiling gotrah R. K. ing Djawi wétan wonten ingkang bawa pijambak, boten (dèrèng) ngempal njabang centrum Djawi Tengah, P. P. K. D. oetawi P. K. W. Sokoer jèn sapoenika sampoen ngempal.

Awit jèn gotrah waoe lestantoen bawa pijambak, Betawi inggih bawa pijambak, gèk béndjing lija panggènan idem, badé kados-poendi kedadosan kita, pinara-para tanpa tetali? Mila asareng poenika oegi, mbok-bilih taksih wonten gotrah R. K. ing sanès panggènan ingkang dérèng njabang salah satoenggiling centra ing Djawi tengah, mangga ta toemandang. Ngawon sakedik boten dados poenapa, ngèmoeti kekijatan koela sedajanipoen.

Bokmanawi pangrèh P. K. W. oetawi P. P. K. D. taksih pirsapoetran wading kados mekaten, moegi énggal kersa menggali, moempoeng dérèng kasèp, awit jèn ingkang mendjila waoe saja katah, badé répot pewingkingipoen. Koela tjiang tebih sadèrmi tjloe-loek, ingkang sami kawogon oetawi tjabang ingkang tjelak ngrikoe moegi sampoen kekilapan.

Sedaja waoe ngèmoeti djaman persa-toe-an lan piwelingipoen salah satoenggiling Rama kita ingkang damang dateng oelalihing tradjang Katoelik Djawi, oengeliipoen (letterlijk): Zorg maar, beste meid, dat je broeders altijd bij elkaar blijven. Sarta mangka ketragan kala djaman hoera-hoeroe Perantjis, kala Presidenipoen Heriot poenapa sinten, Rama waoe ngendika: Was maar Frankrijk beter georganiseerd (als Holland)!—Frankrijk waoe temtoe kémawon kersanipoen: Kathoeliek Frankrijk!

Semanten roemijin.

O, DJAMAN DJAMAN ? ?

(Mendem hoemat! P. N. S. lan Schoolopziener Salatiga.)

Para sadèrèk! Loking ngakatah, djaman samangké djaman persatoenan! Loking ngakatah kacoem goeroe poenika dados „lboening" ra'jat, dados katja benggalingan ra'jat! Begdja jèn kacoem goeroe wiwit ingkang alit doemoegi ingkang nginggil sami ngertos

dateng wadjibipoen dados katja benggalingan ra'jat! Nanging kosok-wangsoelipoen . . . !
Lelampahan ing Salatiga — petrohpoen P. N. S. lan Schoolopziener ingrika sanjata adamel kapitoenaning djagad onderwijs!
Margi „gila hormat" Schoolopziener (S. O.) Salatiga boten poeroen basa kalijan goeroe-goeroe wedalan N. S.; ngantos dados tjetjongkrahan!! Pangrèh P. N. S. tjabang ngrika, ladjeng kintoen serat dateng S. O. waoe nedyaka kaeroes kanti katentreman, njoewon soepados S. O. waoe ngwahana sikapiipoen. Nanging S. O. waoe babar pisan boten poeroen ngèwahi tradjangipoen; malah ladjeng saja kirang saé, djer prekawis waoe wonten ing djagong bajèn kémawon kadamel sambèning rerembagan déning sang S.O. waoe!

Saja dangoe, tepangipoen djagad goeroe N. S. lan S. O. waoe saja „memelas". Samenwerking-ipoen golongan ngandap lan panggingilan boten saé; ngantos wonten boentoet warni-warni sanget.

Sasampoenipoen wonten ontran-ontran waoe, goeroe-goeroe wedalan N. S. ing Salatiga tampi „kortbezock dengan moeka jang ta manis." Let saminggo malih kortbezock saking Plv. Inspecteur.

Gegajoetan kalijan prakawis pahargian kondjoek Sri Maha Radja Poeteri Wilhelmina djangkep joeswa 50 taoen, wonten warga Pangrèh P. N. S. tjabang kaseboet nginggil, angsal nama ingkang kirang prajogi! Malah sang S. O. waoe gadah actie badé mindahi goeroe-goeroe wedalan Normaalschool!! Dados para sadèrèk — samanten dajanipen gila hormat — prakawis alit ladjeng kaangngaken.

Keoping koela mireng kabar, bilih gegajoetan lan prakawis kaseboet nginggil; V. B. P. G. H. B. sampoen oetoesan salah satoenggaling warganipoen, badé ngroekoekaken tjetjongkrahan ingkang damel kapitoenan ageng kanggènipoen djagad onderwijs waoe; badé kasoekanan mawi tjara pasedèrkan, nanging sang S. O. meksa taksih poegoeh boten poeroen ngèwahi tradjangipoen. Babagan kaseboet nginggil, sapoenika sampoen doemoegi tangganipoen H.B.P.N.S. lan V.B.P.G.H.B. bokmanawi kémawon bab prekawis waoe sampoen katoesoekaken dateng Departement van Onderwijs en Eeredienst!

Dèrèng telas, para sadèrèk; gara-gara S. O. lan P.N.S. tjabang Salatiga: gara-gara S. O. lan goeroe-goeroe wedalan Normaalschool ing Salatiga.

Boten ngemoengaken goeroe-goeroe djaler ingkang nandang prihatos lan boten seneng margi kawontenan kaseboet nginggil; makaten oegi goeroe-goeroe wanita oegi roemaos kawirangan! Iroengipoen journalist moeda Hercules saged ngomboes rerembaganipoen sang Schoolopziener kaseboet nginggil kalijan goeroe-goeroe Kopschool Salatiga! Dinten lan tanggalipoen, makaten oegi djam papanipoen pisan Hercules saged ngatoeraken, nanging wekdal samangké tjekep wonten ing kepek koela kémawon.

Wonten ing rerembagan waoe, koela ngertos bilih goeroe-goeroe wanita kaseboet nginggil, roemaos kawirangan wonten ing ngadjenging moerid-moerid, dipoenggoni kémawon, dipoenoendoek „ndoek (gendoe)" kaawé-awé, sareng tjelak katjepangan baeroen, kaadjak dateng djendéla. Malah sirahipoen kepala sekolah dipoentawèni; kilap saking tresnanipoen, poenapa karèngkoeh kados anak pijambak.*

Pangandika ingkang katah-katah, ingkang boten damel senenging goeroe-goeroe wanita waoe taksih mawi karangkepan ragi njentak-njentak, mangka wonten ngadjenging moerid-moerid, ngantos moerid-moerid sami ndomblong, ngertos jèn goeroenipoen saweg tampi dedoea; dados ateges oegi adamel soedaning kapitadosanipoen moerid-moerid dateng goeroe.

Wonten pawartos malih, bilih nalika sad. kepala sekolah Kopschool ing Salatiga kambilan ing dalem S.O. ran perloe rerembagan prakawis pahargian; sadèrèngipoen ngrembag saperloenipoen, roemijin kadangoe katah-katah, kadangoe poenapa goeroe-goeroe èstri inggih serik boten dipoentawèni, temtoe kémawon prakawis dedoea boten kanteon. Boten let dangoe, kep. sekolah angka kalih ing Brawoe; roemijin kepala sekolah waoe dados goeroening kantjanipoen sad. wanita waoe. Sad. goeroe Kopschool wontenipoen boten sanès namoeng nangis, ngondok-ondok, boten saged witi-janten poenapapoenapal Boten maibèn!

Doemoegi samanten kémawon, dongèng koela, mindak . . . ! Gèmbolanipoen Hercules taksih katah; jèn wonten perloenipoen embèn-embèn noesoel „Swará Tama". Doemoegi samanten pandjeningen sadaja saged mangertos, kados-poendi gègèmbolanipoen S. O. Salatiga: teresoipoen mangertos sapinten mandinipoen ratjoen „gila hormat." Ing riki babar pisan Hercules boten badé membela sad² waoe, nanging badé membela kamanoengsan.

Hercules teroes terang ngakeni bilih wonten panganggan lan sor-soran makaten oegi ngertos wadjibing satoenggaling-toenggilingpoen.

Ingatasing S. O. kalijan goeroe-goeroe bahawipoen boten basa, poenika pantjèn ? Poenapa boten ngènti bilih asalipoen ageng makaten saking alit, poenapa boten ngènti, „jèn ditoemrapaké awakmoè kaprijé."

Nembé wingi tepangan koela tjrijs, bilih mentas kapriksa Inspecteur; Inspecteur waoe dateng goeroe-goeroe „basa milipis."

Dr. Puso ing Soerakarta, ngendikan kalijan tjiang roerjah kémawon basa. Schoolopziener kalijan goeroe, kalijan mantri Goeroe Kopschool . . . tanpa basa!!

Boten poeroen basa, katik ngendika dateng goeroe wonten ngadjenging moerid „ndoek" O. Saja boten djaman makaten poenika. Hem, gèk sapinten mendokolipoen goeroe waoe? Poenapa béndjing kalampahan goeroe djaler kaoandang „tok oetawi le!"

Gila hormat . . . gila hormat!! Wisu mandi kowé! Sapa sing ndadèkaké sangsarané Lucifer . . . gila hormat! Njata mandu. Kados-poendi ramènipoen swanten badé membantas gila hormat?? Ramè! Hem, hem, hem!!

S. O. lan goeroe-goeroe N. S. da' maoe „basa." Gila hormat! Kepèk koela tjrijs ± tigang taoenan kapengker wonten pawartos-leider-leider saking leerschool ing kita A boten poeroen basa dateng kwekeling-kwekeling (boten sadaja). Éé, éé, gila hormat, mandu niton kowé! Sapiro leté leader leerschool lan kwekeling, sing sadéla engkas ija bakal dadi goeroe? O, gila hormat, gila hormat!!

Poenapa kalampahan béndjing basa Djawi badé risak, boten kanggé, djer karisak déning bala „gila hormat" ladjeng kagantos kémawon mawi basa „Indonesia." „Jèn kalampahan makaten, lepatoenpoen sinten?"

Sinten badé ngloeber gila hormat? Mangga koela réntjangi saking tebihan!! Spion C. C. Solo. Hercules.

*) terlaolè! Red.

KABAR KATHOLIEK.

Maringaken Loenasing siksa (Aflaat).

Srana serat 12 Maret 1930 Kangdjeng Santo Bapa Pius XI ngondangaken paring Loenasing siksa; inggih poenika:

1). Sok tijauga Katholik, ingkang salebetipoen sawoelan moelang agami (Katholik) kaping kalih oetawi ndèrèk woelangan agami kaping kalih, lan woelangan waoe dangoenipoen saben-saben apes sapratigan djam, ing woelan poenika oegi saged tampi loenasing siksa sadaja (volle aflaat) kaping kalih, poen dinten kénging milih pijambak; oegeripoen: kadoewoeng sajektos, tampi sakramèn Pangapoentening dosa lan tampi Sakramèn Maha-Soetji sarta mlebet ing Grédja kanti nembahjangaken Kangdjeng Santo Bapa („Kangdjeng Rama“ lan „Sembah bekti kaping gangsal oetawi sapragangsalipoen satabèh sampoen tjepak).

2). Sok tijauga Katholik, ingkang moelang agami oetawi ndèrèk woelangan agami dangoenipoen apes sapratigan djam, saben-saben saged tampi loenasing siksa 100 dinten; oegeripoen kanti kadoewoeng ing dosanipoen. (A. A. S. 7 Aug. 1930).

Kanggé Grédja Somaitan.

Ngatoeri priksa kanti sanget noewoen, bilih Comite G. Somaitan sampoen tampi paringipoen soembang-soeroeng:

- 1. Para sadèrèk ing Wedi f 5,50.
2. " " Soerabaja „ 7,—.
3. H. J. J. Sstsw. Blóra „ 2,—.
4. H. I. S. Hdws. Salatiga „ 1,50.
5. L. J. Mtswj. Sèlamaja, Wanasaba „ 1,—.
Mangga sinten malih!

Ngénggali altar.

Ing Koentjen. Altar, ing pasaréjan gadahanipoen Pangroekti Laja Ngajogjakarta doemoenong ing doesoen Koentjen; bédjing dinten Senèn 3 November 1930, dipoenénggali kanggé ngoen-djoekaken Koerban Mis Soetji. Sontenipoen djam 5 pangrèh dalah warganipoen sami sembahjang sesarungan ing makaman ngrikoe.

M. Francisco Prawiro.

30 Taenan. Para tilas moerid Moentilan, mesti mangertos kalijan M. Francisco Prawiro, paladosipoen Rama Pastoer ing Moentilan. Nembé poenika, M. Francisco waoe amèngeti 30 taenipoen anggènipoen dados palados wonten pastoeran Moentilan. Kita toemoet soeka kawiloe-djengan.

KABAR OEMOEM INDONESIA.

Ngéntèngaken plinderan Malaise.

Dajaning malaise, pangiridan, kraos wonten poendi-poendi, ing djagad dangang, kabodidajan lss. B. P. M. Pangkalan Brandan, manoe tjarijosipoen Nw Srbj. Crt. ngedalaken sirkoelèr kados ing ngandap poenika:

„Pitoetorkoe marang wong-wong kang isih dilestarekaké njamboet gawé ana ing kéné, moega pada njamboet gawé kanti toemenen, wèkèl; Lan toemrap sing arep bali angedjawa, kaélingaké riribed warnawarna kang bakal pada tinemoe ana ing kana.

Toemrap wong sing isih gelem teroes manggon ing kéné, bakal dihtjaraké lemah déning toewan kontrolir, soepaja kena dianggo pakebonan, sawah oetawa pategalan. Wong iki maoe, nek wis rong taoen bakal dimardikakaké saka pakarjan goegoer goe-noeng lan padjeg. Lemah maoe kena dianggo lalalahanan, tanpa njéwa.

Kang dadi karepkoe, jèn perloe, bisa wong-wong iki maoe dadi koeli mardika, kanti boeroehan f 0.75 ing dalem sadina.

Makaten oengeling sirkoelèr ingkang mligi kanggé ngadjenaken kolonisatie koeli-koelinipoen B.P.M. B. P. M. anggènipoen makaten waoe, kanti panimbangipoen para kontrolir sakiwa-tengenipoen ngrikoe.

Pandjanganipoen: sageda wonten koeli tiga, sakawaa, sasarengan ngolah siti. Manawi betah koeli mardika ingkang kalih ingkang kadadosaken. Déné sanèsipoen ingkang ndjagi kopinipoen sabin ingkang kataneman pantoen.

Tjara makaten poenika toemrap kabodidajan satjelakipoen ngrikoe inggih wonten pikantoekipoen. Awit manawi ingkang nglampahi poeroen, kabodidajan saged nganggé koeli mardika kaseboet nginggil.

Ambtenaar Reken-kamer.

Het Nieuws njarijosaken nembé poenika Algemeene Reken-kamer pados baoc Reken-kamerambtenaar.

Missie lan Zending ing Tiongkok.

Pambantoe Köln. Ztg. ing Shanghai njarijosaken soeraosipoen kados ing ngandap poenika:

Paréntah Nanking nembé poenika ngawisi wontening piwoelang Agami wonten sekolahan. Pakempalan Zending kalih welas sami neda soepados awisan poenika dipoenéwahi. Nanging, ministérie boten pikantoe. Ingkang makaten waoe mesti kéman-won andjalari boten sakéti. Noewoehaken lelawanan ing salebetipoen Tiongkok pijambak; toewin mengsah missie saking mantja nagari waoe.

Missie Kristen ing Tiongkok poenika toemapakipoen kala abad kapengker. Tebanipoen tansah saja wijar. Sareng saka kadanipoen reretoe ing Nanking, laladan tebanipoen pakempalan Zending, dipoenringkes, dados 60% nipoen koekoeban waoenipoen. Kadjawi poenika para misionaris sami dipoen-ganggoe damel.

Zending wonten Tiongkok missies, ing Honan, anoetoe sadaja sakolahan gadahanipoen pakempalan poenika. Grija-grija sakolahan waoe kapoerih ngrisak. Ingkang makaten poenika, minangka protest boten narimahaken lekasipoen paréntah ingkang ngawisi wontening woelangan Agami ing salebeting sakolahan. (Alg. Hbld).

Kominis Tiongkok.

Atindak sija sanget. Zuster kekalih Harrison lan Nettleton, ingkang kala Agoestoes lan September pedjah, dipoenpedjahi tjang kominis, poenika katrangnipoen pedjahipoen boten pedjah kasendjata. Nanging dipoensembelèh, kawedjing-weding. Minister Binnenlandsche Zakèn C. T. Wang, anglahiraken boten senengipoen toemrap tindak asor, ambek sija makaten poenika. Tjarjosipoen soemerep tindak makaten poenika tetijang Tiongkok isin sanget.

25 Dec. ing Roeslan.

Wonten panjoewoenan saking pakempalan Bond Atheistische vereeniging, anjoewoen soepados nginggil ngedalaken dawoeh boten ngéngingaken miwaha dinten ageng 25 December, inggih mawia tjara kados poenapa kémawon. Tijang ingkang sadé lan toembas kerstboom soepados kaekoem. Wana-wana kedah dipoenwékani sampoen ngantos kapitoenan déning patrap kanggé ngibadah.

siaran: „Kemadjoean.“ Boekoe-boekoe ingkang kawedalaken waoe isinipoen kapilih ingkang migoenani dateng tetijang katah, oepami prakawis staatkunde, staatsrecht, ekonomie, sociologie, lss.

Kadjawi poenika, badé angedalaken Volksuniversiteit, medalipoen pendak tanggal sadasa woelan Walandi, sarta wiwitipoen medal kangkah woelan poenika. Orgaan kanamakaken „Kemadjoean“ kandelipoen 16 katja.

Hoofredacteuripoen Kemadjoean, pandjenenganipoen Mr. Soenarja, adpokat ing Médan. Déné ingkang manganggi kantor kanggé ngedalaken boekoe-boekoe waoe, t. Kanoen, journalist Médan.

Tionghoa boten gadah pandamelan, saja katah.

Ing Kisaran, (Tg. Balai) manoe papriksan, katahipoen koeli Tionghoa ngangoer, wonten 500.

Tjatjah semanten poenika, badé mindak, margi kewartosaken tjalon atoesan Tionghoa ingkang kapotjot saking onderneming koekoeban Marbau, badé dateng ing Kisaran. (Sinar Deli).

Blandja ing wekdal perlop.

Paréntah Indonesia miterang poenapa ambtenaar Walandi ingkang perlop dateng Nederland, poenika blandjanipoen ing wekdal perlop saged kasoeda. Prakawis poenika, dados rembagipoen wonten ing Raadipoen pangageng Departement. Dirèktoer dep. Financiën anjarodjoeki soepados sadaja blandja ing wekdal perlop dipoensoeda f 25.

Doemoegi sapriki, derèng wonten wangsoelan saking Minister van Koloniën.

Pantesipoen dipoenpoenapak-aken??

P. P. P. A. kedah saja sengkoet! Poelisi Tjiandjoer mentas njepeng tjang oemoer 35 taoen nama Saibi, kalijan tjang èstri, margi nginggatakaken laré èstri saking Betawi taksih alit-alit oemoer 10 lan 13 taoen. Laré èstri poenika kainggatakaken dateng Cheribon, sarta sasampoenipoen karoda paksa kawangsoelaken malih dateng grijanipoen.

Kadjawi poenika oegi nginggatakaken laré èstri Bogor oemoer 8 taoen. Laré waoe kabekta dateng Cheribon, sarta ladjeng kawangsoelaken dateng Barga malih.

Tijang kalih waoe sami ngaken. Tijang èstri kaseboet nginggil, dipoenloewari awit tétéla boten toemoet tjampoer prakawis poenika. Déné Saibi lestantoan katahan. Pijambakipoen bangsa Mlajoe. Tigang taoen kapengker ngoembara tanpa pakarjan saking Médan dateng tanah Djawi.

Tétéla sanget P.P.P.P.A. ingkang sedyanipoen amerangi kawontenan makaten poenika, kedah énggal angijati aksinipoen wonten poendi-poendi papan.

Papriksan majit.

Ing distrik Garoet, Singaparna, toewin doesoan Timbanganten, Soekalilah, Mangkernadja, wiwit wonten pranatan tetijang pedjah kedah mawi kapriksa roemijjin.

Pitakénan ing Raad Kawoela.

Kala 3 Sept. poenika, warga Raad Kawoela tetiga: t. Ratulangie, Dwidjoséwojo, toewin Laoh, njoewoen pirsad dateng Paréntah:

a). Poenapa leres plaatselijk militaire commandant Tjiandjoer andawoehaken dateng Hoofdbestuur „Perserikatan Minahasa“ soepados njandèkaken pangangkatipoen t. Ratulangie dados adviseur-ipoen pakempalan ing nginggil? Manawi leres poenapa sèbabipoen?

b). Poenapa leres garnizoensorder 186 ddo. 20 Agoest. '30 ing Tjimahi angawisi dr. Ratulangie mlebet ing emplacement militèr. Poenapa sèbabipoen?

c). Poenapa leres garnizoensorder waoe kala 28 Agoest. sampoen dipoenjaboet? Poenapa sèbabipoen? Pitakénan ing nginggil, samangké kaparingan wangsoelan:

Wangsoelan a). Njatal Menggah sèbabipoen margi „Leidraad prakawis pakempalan toemrap wadya daratan“ anerangaken kanti tjeta bilih pakempalan militèr kedah wonten sadjawining politik, oet. wonten sadjawining pangaribawa politik. Amila, kabekta art. 8 ing Leidraad anerangaken soepados benoeman adviseur dipoenjaoesaken pirsad dateng Legerbestuur, plaats. mil. commandant Tjimahi anggadhahi kawratan samangsa wonten tjang ahli politik kadosdéné Dr. Ratulangie, kadadosaken adviseur.

Wangsoelan b). Njata. Awisan waoe ladjeng awawaton dawoeh soepados njaboet pangangkatipoen dr. Ratulangie dados adviseur P. M. Nanging temenipoen pamanggihipoen plaats. milit. commandant poenika boten dipoensoerodjoeki

PANDJI KLANTOENG SAJA KATAH.

Djagad ékonomi krisis! Djagad soedagaran gondjing! Djagad padagangan kosèk, kekes!

Margi, dajaning Malaise!

Kita ningali ing Indonesia ngriki. Mendet kawontenan ingkang saben tjang mangertos.

Maskapé S. C. S. kala Juni, Juli, Agoestoes taoen kapengker, arta f 1.817.900.

Manawi katanding kalijan Juni, Juli, Agoestoes taoen kapengker, soeda: f 313.300.

Maskapé S.D.S. ing salebetipoen-tigang woelan waoe, tampinipoen arta wonten f 346.100.

Manawi katanding kalijan Juni, Juli, Agoestoes taoen kapengker, soeda: f 259.200, — oet, 43%.

Maskapé O.J.S. ing woelan Juni, Juli, Agoestoes taoen poenika tampi arta f 428.600.

Manawi katanding kalijan taoen kapengker inggih salebetipoen woelan waoe, soeda f 47.800.

Maskapé S.J.S. oegi ing salebetipoen tigang woelan waoe tampinipoen namoeng f 884.700.

Poenika soeda f 432.400 oet. 30%, tinimbang kala Juni, Juli, Agoestoes ing taoen kapengker.

Maskapé N.I.S. ing woelan Juni, Juli, Agoestoes taoen poenika namoeng tampi f 4.353.965.

Manawi katanding kalijan Juni, Juli, Agoestoes taoen kapengker, soedanipoen wonten f 3.260.162, — oet. kirang langkoeng 44%.

Ningali angka-angka ing nginggil poenika, saged anginten-inten kadospoendi raosing manahipoen para madjikan. Saged anggagapi manahipoen para ingkang gadah panggotan.

Mangka ingkang kataman krisis makaten poenika boten namoeng maskapé trèm kémawon.

Sampoen mesti, soedaning pamedal waoe andajani djoemedoeling ihtjar warni-warni, ingkang ing pangangkah sageda andajani saéning bandanipoen para kaoem madjikan.

Inggih makaten waoe, kita boten saged nglepatakani!

Krisis ing dalem djagad padagangan, soemrambah ing poendi-poendi. Boten namoeng wonten Indonesia.

Tipising bandanipoen para kaoem madjikan, anggébagipoen ladjeng angéngingi para poenggawanipoen. Ladjeng katah tjang pikantoe se-seboetan pandji klantoeng. Ambroeboel wedalipoen tjang ngangoer.

Amérika, ingkang misoewoeripoen soegih banda, tjajahipoen tjang ngangoer 5 — 7 mlijoen. Tjatjah samanten poenika malah kepara kandapan. Djer politiking pradja, sok anoetoe pi kawontenan makaten. Mangka ing Amérika, sanadjan tanah

koentjara, boten njateti tjatjahing tjang ngangoer kalajan talesih.

Djerman, gadah pandji klantoeng 2,77 mlijoen.

Baritanjah, kanggénan pandji klantoeng mèh 2 mlijoen.

Tjekak, prakawis pandji klantoeng poenika, prakawis internasional. Angéngingi saloemahing djagad.

Amila, ihtjar panjegahipoen prakawis poenika, inggih dados fasal internasional.

Toewan Ford, djoeragan montor Amérika, manoe tjarijosipoen Border States Star ing Windsor (Canada), anggadhahi ihtjar nipisaken pandji klantoeng waoe. Tjarjosipoen: „Sing tansah tak gagas, moeng prakara anggonkoe bakal mranata panggotan pabrik, nganti saben wong bisa olèh pagawéjan ana kono. Panjamboet gawéné wong, ing dalem sataoen bisa moeng 10 sasi. Ora rolas sasi”

Mussolini, oegi manah anoeloen-pandji klantoeng. Sarana verzekering! Nanging ingkang dipoenpeleng pijambak: njoekani pandamelan, ingkang ngantos saged damel saéning panggotan siti toewin pabrik ing Itali.

Manawi kita manah werkloosheid, kita inggih ladjeng manah boedinipoen manoesga. Anggénipoen moeloek! Ngantos saged ngwontenaken mesin-mesin ingkang angédabédabi.

Dados werkloosheid, kénging kawastanan koerbaning tjampohipoen boedi, nalar, kawroeh, kalijan: baoc, arbeid. Amila, manawi kawroeh kalijan baoc boten dipoenpranata saé, prakawis werkloosheid inggih namoeng tansah dados rembag wonten ing dalem djagad ékonomi.

Kita mangertos, prakawis pandji klantoeng poenika kalebet wereld-problem. Prakawis ingkang ngéngingi saindenging djagad! Lan sawenéhing nagari, sampoen ngihtjari tipisipoen kawontenan waoe.

Ing Indonesia, nitik angka-angka tjang pados pandamelan ing Arbeidsbemiddelingskantoor, oegi katah tjang gloejoeran tanpa pandamelan.

B. P. M., ing Pangkalan Brandan, manoe tjarijosipoen Nw. Soerbj. Crt. ihtjar anjegah wontenipoen pandji klantoeng, sarana kolonisatie.

Sapoenika, pitakèn koela, kados - poendi pamenggalihipoen Paréntah Indonesia dateng prakawis pandji klantoeng? Sarana Kolonisatie! Emigratie! Malih, sarana ???

Djer tétéla, katahing tjang ngangoer, mahanan katahing kadoerdjanan.

Kumuningsaselé 15 Oktober '30.

Taklim:

PATJAR MÉRAH.

dipoenpanganggi t. L. F. E. Denniger. Kolonie poenika dipoenajati tjang 4 brajat, sarta angkahipoen saben taoen sageda amewahi tjang 30 somah. (Alg Hbl.)

SAKING TANAH KEDJAWÈN. Tjatjah-djiwanipoen Wedi?

Assistèn-wedana Wedi poenika pangintèn koela djiwanipoen ± 25.000; pagantosan Gouvernement 1; pagantosan Djawi 7; bank doesoen dienst 3; bank doesoen gadahanipoen tjang Djawi 14; Tjina ingkang damelipoen ngetèkaken (moetangaken) arta boten kirang saking 15. Mangga kagalih pijambak!

Santoen taneman.

Serat-serat kabar sami martosaken, manawi ing bédjing taoen 1932, kabodidajan gendis, Djawi tengah 2, Djawi wétan 3, sami badé ananem pantoen oetawi palawidja, éwasamanten taoen 1932 ing Djawi tengah meksa wonten ingkang malah nambahi wijariipoen taneman rosan. (Sg.)

CORRESPONDENTIE.

Redactie sampoen tampi karangan-karanganipoen:

- H. Tjitra: Anggana; Maroeta; C. Soedjati; J. Koes; M. S; Tjiptomaja; Tom; Percy Blanken; A. Boegel; Tjobolo Bagelen; J.S.M.; Ranggasowita; Nanging derèng saged matjak, margi saking katahing poen kopie.
A. Toeri. Sampoen kepanjtal. Bédjing malih kaseboetna nama 2 lan paringipoen.
Adm: abn. 274. Blanco postwissel poenika kanggé nagih toenggakan oetawi bajaran taoen poenika. Engeta wara-wara Sw. Tm. no. 40.
Abn. 5. Sampoen ndadosaken penggalih: Sapoenika arta fl.— poenika kanggé poenapa?
Abn. 753. Taoen poenika sampoen sah. Dados arta kintoonan koela lebetaken kanggé kwf. I taoen '31.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang moerah

DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA,

dengan bawa lembaran Swara Tama

dapat POTONGAN.

Soemangga sami ngabarna ing SWARA-TAMA!

Toko DJOEN & Co., Djocja.

PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik boewat pembikinannya.

ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan BESCHUIT-BESCHUIT KERING.

SROETOE-SROETOE dan ROKOK-ROKOK, jang haloes dan kasar.

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die giling dengan machine Electrics, bisa giling aloes dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an die tanggoeng sampee menjenengken, harga per pond f 0.90.

Bolih datang saksiken!

Memoedjiken dengan hormat
Toko DJOEN & Co.

TOKO BARANG - BARANG

H. SPIEGEL — Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.

Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer; Kereta dan korsi boeat anak-anak; Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan — permainan boeat anak-anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN MOERAH SEKALI!

ARTISTICO CALCARIUM.

Waterverf nomer satoenggal tanpa ganda, woedjoed boeboekan, jèn badé nganggé mawi dipoentjampoeri toja limrah oetawi bentèr, kanggé ngetjèt pian, témbok lsp. Saged toembas warni 40 dalasan warni salaka lan mas. Jèn warni waoe katjampoer-tjampoer, tjatjahing warni saged tanpa wates.

Satoenggal boengkoes à 1 Kilo, f 0,90.
(mawi rékanipoen nganggé)

Calcarium salaka saben 1 H.G. f 0,50, saben 1 Kilo „ 4,25.

Calcarium mas „ 1 „ „ 0,55, „ 1 „ „ 4,75.

Sikat Calcarium lan Sablone.

Sikat Inggris, petak, gèpèng.

VERFFABRIEK R. B. FRIELING

GONDHOMANAN 80 DJOKJA TELEFOON NO. 784

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa 6.-7.30.	Lamah 5.30-6-8.	Pekalongan *) 6.30-8.	Kepandjèn 6-7-9.
Amboina 7.30.	Lawang 5) 7.	Pemangkat 8.30.	Anita Boul. 6-7.30-9.
Bagan Siapi-api 7.30.	Madioen 6-7.30.	Poerwokerto 7.30.	Soerakarta 6-7-8.30.
Bandoeng 6.-7.30-9.	Magelang 7-9.	Poerworedjo 7-8.30.	Tandjoeng Balai 7.30.
Benkoelen 7.30-9.	Makassar 6-7.30.	Pontianak 7-8.30.	Tandjoeng Karang 8.
Blitar 7.30.	Malang 6-7.15-8.30.	Probolinggo 7.30.	Tandjoeng Sakti 7.30.
Buitenzorg 6-8.	Manado 6-7.30.	Salatiga 7.30.	Tara-Tara 7.30.
Cheribon 7.30.	Medan 6.30-8-8.30 (tjina).	Sambas 6-8.30.	Tegal 6.30-8.
Djember 7.30.	Medari 6) 9.30 (mal.).	Sambong 8.	Tering 7.
Djokja: 7.30.	Meester Corn. 7-9.	Sawah Loento 7-8.30.	Tjilatjap 6) 7.30.
Kampementsstraat Eur. 7-9.	Mendoet 6-7.30.	Sedajoe 7.	Tjimahi 6-8.
„ Jav. 6-8.	Modjokerto 6-8.	Sedjiram 5.45-8.30.	Tomohon 7-8-9.
Kota Baroe 6-7.30.	Moentilan 5-6-8.	Semarang: 6-8.	Wates 7) 7.
Djombang 1) 7.30.	Muntok 8.	Gedangan 6.30-8.30.	Weltevreden: 6-8.
Fort de Kock 7.30.	Ngawi 7) 7.30.	Bangkong 7.30.	Waterlooplein 5.45-7-9.
Gandjoeran 2) 7.	Padang 7-8.15-9 (tjina).	Tjandi 7.30.	Kramat 6-8-9 (mal.).
Gombong 3) 7.30.	Padang Pandjang 7.30.	Randoesari 7-9.	Wonosobo 8) 7.30.
Keboemèn 4) 7.30.	Pajakoembo 7.30.	Singkawang 6.30-9.	Woloan 8.30.
Kediri 7.30.	Palemboeng 7-9.	Soekaboemi 6-7.30.	
Klatèn 7.30.	Pasoeroean 1) 7.30.	Heuvel 5.30.	
Koeta Radja 6.30-8.		Soerabaya:	

1) 1e. Achad. 2) 1e. + 3e. Achad. 3) 2e. Achad. 4) 1e. Achad tiao² doea boelan. 5) 1e., 2e., 4e. Achad. 6) 2e., 4e. Achad. 7) 3e. Achad. 8) 3e. Achad.

Zelfbesturenconferentie.

Kala tanggal 10 Oct. ing poera Pakoe Alaman (Njajodja) wonten moesawatani-poen para agoeng pradja Kedjawèn, karawoehan Goepernoer Soerakarta, Ngajogjakarta, K.G.P.A.A. Mangkoe Negara VII. I.s.s. Poatoesan-poatoesan:

I. Bab Balé Agoeng samangké taksh perloe karembag ing Goepermèn kalijan para Zelfbestuur. Ananging boten dangoe malih kinten² sampoen saged ambajawrakaken réng-réngan pranatan B. A. dalah katrangani-poen sadaja. II. Koemisi, ingkang kadawoehan nata oeroet-oeroetanipoen para pangéran ing Ngajogjakarta lan Soerakarta (préséance) katamtokaken bédjning tanggal 20 woelan poenika kedah miwiti njamboet damel saperloenipoen. III. Ing bawah Ngajogjakarta sarta Soerakarta badé dipoentwonteni pranatan ingkang noenggil soeraoipoen bab tetjjang ingkang kawengkoeng ing pangowasanipoen Zelfbestuur manawi laki oet. rabi angsal djodo ingkang oegi kawengkoeng ing pangowasanipoen para Zelfbestuur oet. ingkang kawengkoeng ing pangowasanipoen Goepermèn. IV. Badé ngatoeri pamrajogi ing Goepermèn, kaparenga matah koemisi mariksa ing saperloenipoen, poenapa kinteni-poen boten langkoeng prajogi saepami dipoentwonteni pangadilan pijambak ingkang kabebahan bab prakawis pasitèn (agrarische geschillen). V. Wara-wara bab ingkang karembag ing parepatan, saladjengipoen oegi dipoensalini ing temboeng Djawi toewin Mlajoe, salinan poenika waoe kakintoenaken ing pers Melajoe lan Djawi sasarengan akalijan temboengipoen Walandi. VI. Réng-réngan bab amaringi waragad lampah (reiskosten) doemateng para prijaji abdinipoen I. S. K. Soeltan ing Ngajogjakarta, badé katandjangan sarta sasaged katjogjaken kalijan pranatan ing bawah Soerakarta. VII. Bab pandamelan heerendienst karembag poenapa boten prajogi dipoensalini padjeg kepala roemijin, ngiras ngentos doemogi herendines waoe kasowak babar pisan. VIII. Oesoelipoen Boedi-Oetama afd. Ngajogjakarta, bab Balé Agoeng, poenika sasampoenipoen dipoentopiksani, badé karembag ing saperloenipoen, karembag pisan sareng akalijan oesoel sanès-sanèsipoen ingkang oegi bab Balé Agoeng.

Mangsa rendeng.

Mangsa djawah ing taoen kapengker sampoen kawartos awis oetawi telat dawahing djawah, tanem pan-

toen wiwit Solo mangétan doemogi kikising Solo (Kedoengbantèng) rikala samanten katah ingkang pedjah (amargi kirang toja). Ananging sampoenika mangsa rendeng ing rikoe sampoen katingal miwiti (moegi-moegi mirah toja.) (Sg.)

Malaise.

Ing taoen poenika, senaosa djaman malaise, éwasamanten kaboedi dajan gendis ingkang golongan ageng, kabari-poen boten njoeda poenggawa, malah koela mireng kabar, boten kéténg sepalih blandjng (poenggawa Djawi) sami badé angsal presèn (gratificatie). Wah sokoor, koela toemoet ajem. (Sg.)

Nitjil ajem

Prijantoen pabrik poenika, manawi pabrik saweg pinoedjoe giling, senaosa dinten ageng, dinten Minggoe boten angsal prèi, pramila manawi badé ngadjengaken lebar giling + kirang 10 dinten, sampoen sami nitjil ajem. (Sg.)

Minding oegi katah.

Ing Kawedanan Gondang (Sragèn), roemijin rikala dèrèng dipoentwonteni pabrik gendis, kawontenanipoen sepi, pendoedoekipoen dèrèng katah, toko-toko oegi dèrèng katah, wiwit ing taoen 1922 t/m sapoenika, sasampoenipoen wonten pabrik gendis, ing rikoe katingal redja, pendoedoekipoen tambah katah, toko-toko oegi katih; senaosa mindring oegi tambah katih (saking katahipoen, kelantoeer katih) (Sg.)

MANTJA NEGARI.

BRAZILIË. Kraman.

Tilgram tanggal 10 Okt., njarijosaken para panoentoening kraman sami ngabar-ngabaraken bilih sam-

poen ngregem satanah Brazilië kadjawi Rio de Janeiro lan Sao Paulo. Kapal-kapal perang sami tanpa daja, djer para kraman sampoen saged ngregem setatsijoen-setatsijoen radio. Malah sampoen wonten baita perang mandjer bandéra abrit.

Nanging . . . oetoesan Brazilië ing Washington njarijosaken bilih paréntah federal ing Brazilië saged anjirep kraman. Tetjjang Brazilië ing Amérika Sarékat ngrikoe dipoentjarijosi boten kénging ngandel ké-mawon dateng pawartos-pawartos waoe.

Inggeris lan Amérika angintoenaken kapal perang, perloe kanggé ngajomi tijang-tjanganipoen.

Paréntah Brazilië angoendangkan bilih bala kraman wonten ing staat. Para kawon kalijan wadya nagari, sarta sakedap malih badé wonten bedami. Nanging, . . . golongan kraman nerangaken sampoen wonten staat 12 ingkang katjéng babar pisan ing tanganipoen. Ingkang soe-joed kalijan nagari namoeng kantoen pitoe.

Dados katrangan saking nagari, kalijan saking golongan kraman ngalèr ngidoel. Manawi wekdal daheroe makaten poenika, pantjèn kerep katah wonten pawartos kosok-wangsoel.

Tilgram tanggal 15 njarijosaken, Amérika Sarékat soeka pambijantoe dateng federale regeering Brazilië. Toewan-toewan pabrik bangsa Amérika kakéngingaken njadé obat dateng Brazilië, nanging boten kénging dateng golongan kraman.

Wadya Paréntah oenggoel wonten Triangulo lan Mineiro.

DJERMAN. Pogokan.

Ing Djerman inggih wonten pogokan. Tilgram tanggal 15 Okt. saking Berlijn njarijosaken wonten ka-

oem berah golongan metalbewekers 120.000 (lan let sawatawis dinten sampoen dados 140.000) sami mogok. Tijang semanten poenika njamboet damel wonten 276 pabrik. Pabrik ageng-ageng, kados Siemens, Bergmann, lan A. E. G., ingkang neroesaken pakarjan ing ngrikoe innsinjoer, opzichters, I.s.s. Kaoem berah ingkang tjatjad margi perang toewin ingkang oemoeripoen 60 minggah, dipoengkéngingaken boten mogok déning kantja-kantjanipoen, awit mindak kéjtjalan pènsijoen. Sebabipoen kraman margi bajar badé katjowok.

ROEMENIË. Dipoensepjoeeni.

Wonten tijang 70 dipoentahan, gandèng kalijan poelisi anggénipoen ngonangi lampah sepijoen ingkang soemrambah satanah ngrikoe. Manoeet ministerie Binnenlandsche Zaken, ingkang damel organisatie sepijoen poenika para sakabatipoen Roeslan.

JUGOSLAVIË. Tindak sawenang-wenang.

Poelisi Jugoslavië, manoeet tilgram tanggal 14 Okt. gadah patrap sawenang-wenang dateng tetjjang Albani ing doesoen-doesoen tjaket watesipoen Jugoslavië kalijan Albani. Ing salebetipoen minggoe kapengker ing distrik Gestiaer katah tijang Albani dipoentpedjahi. Anggénipoen nandoekaken patrap waoe, soepados tetjjang Albani ladjeng nilar boemi ngrikoe. Kadadosan poenika inggih kadajan padoendonipoen serat² kabar gadahanipoen nagari kekalih Italië lan Jugoslavië, kabekta saking oekoeman ing sawatawis dinten kapengker doemawah wonten Italiaansche Slaven, déning kadakwa atindak katjoelikan lan tjidra nagari.

Boeat toean poenja

ER
ER
ER
ER
ER

Receipt

APOTHEKEN

Rathkamp & Co

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

AGÈNT KANGGÉ SALEBETIPOEN NGAJOGJAKARTA.

Sepeda-sepeda merk:

SIMPLEX Cycloïde, S. djené, S. petak sarta Simplex Transfer. HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje sarta Woestduin. TOURIST: A. A. sarta A.

Sedija oegi sepeda merk:

RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE — BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONIG. Sarta malih sepeda mirah wiwit pengaos f 55.—, f 65.—, f 75.— saprabotipoen: Kliting, pompa, lentéra sarta tas isi perkakas koentji sarta wadah lisah.

Mentas tampi per S.S. Slamet sarta JOH. de WIT sepeda merk: ROVER Imperial, continental, The Rover sarta Metallicus. Sedija oegi Djas djawah, Kopper, Lentéra Stormking, Lemantoen tosan sarta tjèt wènter.

PENJADÉJAN KENTJÈNG SARTA KATJITJILAKEN.

Menawi perloe moendoet katerangan, badé kakintoen pratelanipoen kalajan lelahanan.

Njenjadang Welingan.

Rijwielenhandel Reparatie-inrichting en Smederij: „WIRJOSOESENO”

Lodjiketjil 16. NGAJOGJAKARTA Telf. No. 13.

Geboren 10 Oct. 1930.

Franciscus Borgias Moerwanta

P. Woekirsari

M. Djoemoeni

Kaparingan momongan malih:

koela soekani tetenger

Rr. Margarita Soetiarti

Sm. 20/10-'30 Soepadi c.f.-

Warak Ledok 19 Oct. '30.

Njaosi kabar dateng mitra kadang, bilih nalika tg. 17 Oct. '30 koela dipoentparingi gadoehan anak nomer satoenggal medal djaler, koela namani

Adrianus Soesanta

Franciscus Borgias Saidi

Maria Masijem

(F.S. Padmawarsita).